

BAB III

MÉTODEU PANALINGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif, kalayan ngagunakeun métodeu déskriptif. Métodeu déskriptif nyaéta métodeu nu dipaké nalika rék medar atawa ngadéskripsikeun hiji kajadian nu aya dina mangsa ayeuna. Métodeu déskriptif biasana medar ngeunaan kumaha kaayaan, prosés, karakteristik, jeung hasil tina hiji variabel atawa leuwih. (Sudjana, 2006, kc. 52)

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 234) panalungtikan déskriptif teu merlukeun administrasi jeung kontrol kana perlakuan. Panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngagambarkeun saayana ngeunaan hiji variabel, gejala, atawa kaayaan. Umumna panalungtikan déskriptif mah teu digunakeun pikeun nguji hipotésis.

Métodeu panalungtikan déskriptif dipaké sabab dianggap luyu jeung udagan panalungtikanna pikeun nganalisis tur medar kalimah sirnaan, dina hal ieu prosés ngawangun kalimah sirnaanna, nu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri tanpa ayana hipotésis.

Saluyu jeung pamarekan kualitatif sarta métodeu déskriptif nu digunakeun, perlu disusun desain panalungtikan. Desain panalungtikan diperlukeun pikeun ngabantuan prosés panalungtikan sangkan puguh léngkah-léngkahna tur bisa ngahontal tujuan panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175), desain panalungtikan nyaéta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun dina panalungtikan.

Dumasar kana pedaran di luhur, pikeun meunangkeun hasil panalungtikan anu dipimaksud nyaéta pikeun nganalisis prosés ngawangun kalimah sirnaan dina sisindiran nu aya dina buku *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri, ditangtukeun desain panalungtikan nu dilaksakeun téh miboga sababaraha tahapan saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta buku *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri. Dina ieu buku loba conto sisindiran dina wangun paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan. Salian ti éta, aya ogé sababaraha sisindiran anu ditulis kana wangun dangding, maké patokan pupuh. Anu jadi bahan panalungtikanna nyaéta kalimah nu aya dina cangkang jeung eusi sisindiran salian ti wangun wawangsalan.

3.2.1 Idéntitas Buku

Triya Nugraha, 2017

UNSUR SIRNAAN KALIMAH DINA BUKU SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYARKARYA DÉDY WINDYAGIRIPIKEUN BAHAN AJAR NULIS SISINDIRAN DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Judul : *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar*
- 2) Pangarang : Dédy Windyagiri
- 3) Penerbit : PT Kiblat Buku Utama
- 4) Taun medal : 2011
- 5) Jumlah kaca : 76 kaca
- 6) Jumlah sisindiran : 159
- 7) Jumlah wawangsalan : 218

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Dédy Windyagiri (Bandung, 3 Agustus 1940 - 5 Novémber 2014) mangrupa salah sahiji panyajak, pangarang carpon, rumpaka kawih, jeung dangding. Dédy kasohor jadi maestro dina widang ngarang rumpaka kawih jeung dangding lantaran Dédy sok nulis sajak jeung guguritan ti saprak SMA kénéh. Sababaraha sajakna disanggi jadi kawih ku Mang Koko, diantarana aya *Di Langit Bandung Bulan keur Mayung, Girmis Kasorénakeun, Kembang Impian, Longkéwang, jrrd.*

Dédy nyekel rékor minangka pangarang Sunda anu mimiti medalkeun buku kumpulan dangding, nyaéta *Jamparing Hariring* wedalan Geger Sunten, Bandung, dina taun 1991. Salian ti éta, aya ogé buku kumpulan sajakna nu dipedalkeun dina taun 1992 ku Penerbit Geger Sunten, judulna *Di Lembur Bulan Dikubur*. Tuluy aya *Di Nagri Katumbiri* nu medal taun 2009 ku Kiblat Buku Utama, Bandung, nu mangrupa kumpulan sajak jeung dangdingna.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Lofland jeung Lofland dina Moleong (2012, kc.157) sumber data utama dina panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan, jeung paripolah, saleuwihna mangrupa data tambahan saperti dokumén, foto, jeung statistik. Ku kituna pikeun ngarojong lumangsungna panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu dipaké nyaéta studi dokuméntasi. Studi dokuméntasi dilaksanakeun ku cara néang informasi tinulis nu kaasup wanda ilmiah, bisa tina buku, dokumén, jurnal, éssay, jrrd.

Téhnik studi dokuméntasi dipilih lantaran data nu dibutuhkeun pikeun ieu panalungtikan téh mangrupa kalimah, hususna kalimah sisindiran, jeung sagala rupa pedaran ngeunaan kalimah nu asalna aya dina buku, jurnal, atawa éssay. Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu dihandap:

- 1) néangan sumber data nu mangrupa kalimah sisindiran;
- 2) maca sisindiran dina sumber data;
- 3) nyirian unsur sirnaan dina kalimah sisindiran;
- 4) nyalin kalimah sisindiran kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat pikeun meunangkeun data nu kudu dipilih luyu jeung jenis data nu dibutuhkeun (Sudjana, 2006, kc.58). Instrumén nu biasa dipaké dina panalungtikan aya kuisisionér, observasi (langsung, teu langsung, partisipasi), jeung tés. Pikeun panalungtikan ieu instrumén nu dipaké nyaéta obsérvasi teu langsung ngagunakeun alat kartu data nu digunakeun pikeun masing-masingkeun prosés lumangsungna kalimah sirnaan dina sisindiran nu ditalungtik.

Anapon format kartu data nu diapké pikeun milah-mialh data dina panalungtikan nyaéta:

Tabél 3.1 Kartu Data Analisis Délisi

(No data)
(Kalimah sisindiran)
.....
.....
.....
..... (Kode data)
Analisis Sirnaan:
1) Tékstual : (a & b)
2) Struktural : (a & b)
3) Situasional : (a & b)

Nomor data dijadikeun nomor urut data nu ditalungtik. Kode data pikeun nulis informasi ngeunaan sumber data nu ditalungtik kalayan format kode singgetan buku sumber data/kaca/wanda atawa wangun sisindiran/urutan sisindiran dina buku. Analisis Sirnaan dipaké pikeun nuliskeun data hasil analisisna dumasar kana tilu katégori; tékstual, struktural, jeung situasional. Di dieu sisebutkeun ogé unsur naon nu leungit dina bagéan cangkang (a) tur bagéan eusi (b).

Conto pikeun kode data sangkan leuwih jelas; SWA/41/S/50. Hartina data aya dina buku *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* kaca 41 wanda sisindiran sésébréd nomor ka 50. Wanda sisindiran sorangan aya sababaraha rupa, nyaéta piwuruk (P), silihasih (SA), sésébréd (S). Lian ti éta aya sababaraha wangun sisindiran, nyaéta sisindiran nu 6 nepika 12 padalisan (S6PL, S8PL, S10PL, S12PL), jeung sisindiran dangding dina wangun pupuh Kinanti (SPK), pupuh Sinom (SPSi), pupuh Asmarandana (SPA), pupuh Dangdanggula (SPD).

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun satuluyna diolah ku cara dianalisis. Nurutkeun Sudjana (2006, kc.76), analisis data nyaéta prosés nyusun, ngatur, jeung ngolah data sangkan bisa dipaké pikeun nguji hipotésis. Ari alat nu dipaké pikeun ngolah jeung nganalisis data nyaéta satatistika. Aya dua statistika; 1) statistika déskriptif, jeung 2) statistika analitik.

Nu dipaké pikeun ngolah data ieu panalungtikan nyaéta statistika déskriptif; dipaké pikeun ngolah jeung ngadéskripsikeun data dina wangun nu leuwih gampang dipikaharti. Téhnikna ku cara analisis unsur langsung. Léngkah-lengkahna nyaéta:

- 1) niténan deui data sisindiran nu geus dikumpulkeun;
- 2) ngaruntuykeun data sisindiran sacara alfabétis;
- 3) nyalin kalimah sisindiran kana kartu data;
- 4) méré nomor kode data sisindiran;
- 5) nyirian unsur sirnaan dina kalimah sisindiran;
- 6) nngadéskripsikeun hasil analisis; tuluy

Triya Nugraha, 2017

UNSUR SIRNAAN KALIMAH DINA BUKU SISINDIRAN JEUNG WAWANGSALAN ANYARKARYA DÉDY WINDYAGIRIPIKEUN BAHAN AJAR NULIS SISINDIRAN DI SMP KELAS VIII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

7) nyieun kacindekan jeung saran.